
**Enfòmasyon sou Sèvis Sipò Timoun
ak
Aplikasyon/Rekòmandasyon pou
Sèvis Sipò Timoun**

**Eta New York
Biwo pou Asistans Pwovizwa ak pou Andikap
Sant pou Byennèt Timoun
Divizyon Egzekisyon Sipò Timoun**



***Ou bezwen plis enfòmasyon
sou sipò timoun?***

Ale sou Entènèt nan sitwèb nou nan
childsupport.ny.gov

ENFÒMASYON JENERAL

Si ou bezwen èd nan lang, tanpri fè Inite Egzekisyon Sipò Timoun zòn ou konnen sa pou yo kapab ba ou sèvis tradiksyon ak/oswa entèpretasyon.

Li enfòmasyon yo sou Sèvis Sipò Timoun (paj 2 – 7) avèk anpil atansyon anvan ou ranpli fòm Aplikasyon/Rekòmandasyon pou Sèvis Sipò Timoun (paj A-1 – A-8). Li gen ladan enfòmasyon enpòtan ak enfòmasyon w ap bezwen konnen ak konprann konsènan sèvis egzekisyon sipò timoun.

SA KI NAN LIV LA

ENFÒMASYON SOU SÈVIS SIPÒ TIMOUN.....	2
SEKSYON 1 – KALIFIKASYON, AFEKTASYON, AK SÈVIS KI DISPONIB	2
<i>KALIFIKASYON POU SÈVIS SIPÒ TIMOUN</i>	<i>2</i>
<i>AFEKTASYON AK KOLABORASYON AVÈK SIPÒ MOUN.....</i>	<i>2</i>
<i>SÈVIS SIPÒ TIMOUN YO BAY.....</i>	<i>2</i>
<i>ENFÒMASYON SOU OBLIGASYON DEBAZ POU SIPÒ TIMOUN.....</i>	<i>3</i>
<i>FASON POU KONPRANN SÈVIS SIPÒ TIMOUN YO BAY.....</i>	<i>4</i>
SEKSYON 2 – DWA AK KONSEKANS KI SÒTI NAN DETÈMINASYON PATÈNITE AK DWA POU AVI PWOSEDI LEGAL	5
<i>DWA AK KONSEKANS POU DETÈMINASYON PATÈNITE.....</i>	<i>5</i>
<i>DWA POU JWENN ENFÒMASYON KONSÈNAN PWOSEDI LEGAL</i>	<i>5</i>
SEKSYON 3 – RÈGLEMEN SOU SIPÒ TIMOUN.....	5
<i>ENKYETID POU SEKIRITE.....</i>	<i>5</i>
<i>PWOTEKSYON AK SEKRÈ ENFÒMASYON PÈSONÈL.....</i>	<i>6</i>
<i>RÈGLEMEN POU DISTRIBISYON</i>	<i>6</i>
SEKSYON 4 – SÈVIS LEGAL AK REKOUVREMAN FRÈ	6
<i>SÈVIS LEGAL.....</i>	<i>6</i>
<i>REKOUVREMAN FRÈ POU SÈVIS LEGAL.....</i>	<i>7</i>
SEKSYON 5 – FRÈ POU SÈVIS LA CHAK ANE.....	7
SEKSYON 6 – PEMAN AK ENFÒMASYON POU PRAN KONTAK	7
<i>CHWA POU PEMAN</i>	<i>7</i>
<i>ENFÒMASYON SOU SÈVIS KLIYAN/KONT.....</i>	<i>7</i>
APLIKASYON/REKÒMANDASYON POU SÈVIS SIPÒ TIMOUN	1
SEKSYON A – ENFOMASYON SOU MOUN KI APLIKE/MOUN K AP RESEVWA SEVIS	1
<i>Pati I – Enfòmasyon sou Paran ki gen Lagad Timoun nan (CP) oswa sou Responsab Legal Timoun nan</i>	<i>1</i>
<i>Pati II – Enfòmasyon sou Paran ki pa gen Lagad Timoun (NCP)/Papa Pitatif (PF).....</i>	<i>3</i>
<i>Pati III – Enfòmasyon sou Timoun.....</i>	<i>5</i>
<i>Pati IV – Enfòmasyon sou Fanmi Akèy (Pou Ajans lan Itilize Sèlman).....</i>	<i>6</i>
SEKSYON B – DOKIMAN SIPÒ	7
SEKSYON C – APLIKASYON/KONFIMASYON POU SÈVIS SIPÒ TIMOUN	8

ENFÒMASYON SOU SÈVIS SIPÒ TIMOUN

Dokiman sa a bay enfòmasyon enpòtan sou pwogram sipò timoun (**Seksyon 1-6**) pou moun ki enterese jwenn sèvis sipò timoun, epitou dokiman an gen ladan yon fòm aplikasyon/rekòmandasyon ou ka detache pou sèvis sipò timoun. **Seksyon 1** an idantifye moun ki kalifye pou resevwa sipò timoun, li eksplike afektasyon dwa pou sipò a ak kolaborasyon, epitou li bay yon rezime sèvis sipò timoun ak obligasyon debaz pou sipò timoun. **Seksyon 2** a diskite sou dwa ak responsablite ki sòti nan detèminasyon patènite ak dwa pou avi pou anonse pwosedi legal. **Seksyon 3** a bay règleman sou sipò timoun nan. **Seksyon 4** la diskite sou sèvis legal ak rekouvremant frè yo. **Seksyon 5** lan diskite sou frè pou peye pou sèvis la chak ane, epi **Seksyon 6** la bay enfòmasyon sou peman ak sou kontak.

Nou dwe bay enfòmasyon sa yo pou tout moun ki aplike pou sèvis sipò timoun, epitou nou dwe bay enfòmasyon yo pou ki aplike ak moun k ap resevwa Asistans Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesosite (TANF), Medicaid ak Fanmi Akèy Tit IV-E yo voye nan Inite Egzekisyon Sipò Timoun. Si timoun nan ap viv nan yon fanmi akèy, moun ki aplike a oswa moun k ap resevwa sèvis sipò timoun nan se Manm Komisyon oswa Reprezantan distri sèvis sosyal oswa Manm Komisyon oswa Reprezantan Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi.

SEKSYON 1 – KALIFIKASYON, AFEKTASYON, AK SÈVIS KI DISPONIB

KALIFIKASYON POU SÈVIS SIPÒ TIMOUN

Si yon paran oswa yon moun ki pa paran epi k ap bay swen omwen timoun ki gen omwen laj 21 ane epitou k ap pran desizyon kòm responsab legal timoun nan, moun sa a kalifye pou sèvis sipò timoun. Yo konsidere moun sa a kòm paran ki responsab la nan dosye sipò timoun nan. Si ou aplike pou Asistans Pwovizwa (ki gen tèm ofisyèl “Asistans pou Fanmi” oswa “Asistans nan Safety Net”) oswa si w ap resevwa asistans sa a pou timoun nan, yo ka ba ou sèvis sipò timoun selon aplikasyon ou pou pwogram sa a. Yo ka ba ou sèvis sipò timoun tou si ou aplike pou Medicaid poukont ou, epi si timoun nan ak ou ranpli yon aplikasyon/rekòmandasyon pou sèvis sipò timoun nan. Sèvis sipò timoun ap kontinye apre ou sispann resevwa Asistans Pwovizwa oswa Medicaid sof si dosye sipò timoun ou fèmen. N ap bay sèvis sipò timoun tou pou yon timoun yo mete nan mezon plasman, epi sèvis sipò timoun nan kapab kontinye apre plasman nan fanmi akèy la fini. Si timoun nan retounen apre li sòti nan fanmi akèy la, sèvis sipò timoun nan ap kontinye sof si ou mande pou sispann li. Yon timoun ki poko gen laj 21 ane oswa yon paran ki pa gen lagad timoun nan oswa yon papa pitatif (moun yo sipoze ki papa a) ka aplike tou oswa li ka kalifye pou sèvis sipò timoun.

AFEKTASYON AK KOLABORASYON AVÈK SIPÒ MOUN

Si ou se yon moun ki aplike pou/yon moun k ap resevwa Asistans Pwovizwa pou timoun nan, oswa Medicaid pou tèt ou ak timoun nan, oswa si pitit ou nan Fanmi Akèy Tit IV-E, ou gen obligasyon pou afekte ba distri sèvis sosyal la dwa ou genyen pou sipò tèt poukont ou ak nenpòt dwa ou genyen pou bay sipò sou non nenpòt manm fanmi w ap aplike pou asistans lan pou li oswa sou non nenpòt manm fanmi w ap resevwa asistans lan pou li. Pou moun ki aplike pou/moun k ap resevwa Medicaid, afektasyon an limite pou sipò medikal sèlman. Lè ou aplike pou Asistans Pwovizwa oswa lè w ap resevwa li, afektasyon dwa sipò ou se pou sèlman sipò ki ogmante pandan peryòd oumenm oswa manm fanmi ou resevwa asistans lan. Ou gen obligasyon pou afekte dwa sipò sa yo epi, sof si ou bay rezon valab oswa ou fè konnen ou viktim vyolans nan kay pou pa fè sa, epitou pou kolabore avèk Inite Egzekisyon Sipò Timoun

- Chèche paran ki pa gen lagad timoun nan ak moun ou sipoze ki papa timoun nan, tankou paran byolojik oswa boparan;
- Detèmine patènite pou chak timoun ki fèt deyò maryaj w ap aplike oswa resevwa pou Asistans Pwovizwa, Medicaid oswa Fanmi Akèy Tit IV-E pou li a;
- Detèmine, chanje oswa ajiste lòd sipò yo; epi
- Touche lajan ak egzekite lòd sipò yo nan Inite Rekouvremant Sipò.

Si w ap resevwa Asistans Pwovizwa pou timoun nan oswa Medicaid poutèt ou oswa pou timoun nan, w ap jwenn sanksyon poutèt ou pa kolabore san yon detèminasyon rezon valab oswa vyolans nan kay, si genyen.

SÈVIS SIPÒ TIMOUN YO BAY

Inite Egzekisyon Sipò Timoun bay sèvis ki anba la yo jan sa apwopriye, avèk kolaborasyon ou:

- Kreyasyon yon dosye.

- Adrès paran ki pa gen lagad timoun nan oswa papa pitatif la, tankou pou jwenn enfòmasyon sou adrès, travay, oswa lòt sous revni ak resous, ak pwoteksyon swen sante.
- Asistans pou detèmine patènite (patènite legal) pou yon timoun ki fèt nan paran ki pa marye dapre rekonesans volontè patènite a oswa lè yo fè yon petisyon nan tribinal.
- Asistans pou fè petisyon nan tribinal pou detèmine ak chanje yon lòd sipò dapre gid Eta New York pou sipò timoun, tankou pou jwenn avantaj asirans sante, si genyen, nan men nenpòt paran.
- Asistans nan fè yon lòd sipò peyab ba Inite Rekouvremant Sipò a.
- Rekouvremant ak distribisyon peman sipò yo. Sa ka gen ladan rekouvremant ak distribisyon sipò timoun; timoun ak sipò madanm/mari; depans pou edikasyon; depans pou gadri; ak sipò medikal avèk lajan kach, si nenpòt nan sa yo fè pati nan lòd sipò yo fè peyab nan Inite Rekouvremant Sipò.
- Egzekisyon obligasyon sipò avèk tout solisyon administratif, tankou, men pa sèlman: pran nan revni nan travay, avantaj, oswa lòt revni; sezi ranbousman lajan taks federal ak ranbousman lajan taks Eta New York; sezi resous; rapòtaj dèt sipò nan kredi; sispansyon privilèj lisans chofè paran ki pa gen lagad timoun nan Eta New York; epi voye dosye nan Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York pou rekouvremant. Inite Egzekisyon Sipò Timoun egzekite avantaj asirans sante tribinal egzijè tou.
- Fè petisyon vyolasyon epi trennen moun nan lajistis pou sa a pou egzekite yon lòd sipò nan tribinal lè solisyon administratif yo pa gen siksè.
- Sèvis legal (ochwa pou moun ki aplike a) depi li siyen yon *Dwa pou Akò pou Rekouvremant pou Sèvis Legal (LDSS-4920)* pou pwosedi nan tribinal. Y ap fè rekouvremant depans yo pou sèvis legal.
- Sèvis sipò timoun ki endike anwo a kote paran yo ap viv nan lòt konte, lòt eta, oswa lòt peyi.
- Kontinyasyon sèvis sipò timoun ki endike anwo a lè yon fanmi pa kalifye ankò pou Asistans Pwovizwa, Medicaid oswa fanmi akèy.
- Sitwèb Eta New York pou Sipò Timoun: childsupport.ny.gov
- Liy Dirèk Sèvis Kliyan Sipò Timoun nan Eta New York nan **888-208-4485**.

ENFÒMASYON SOU OBLIGASYON DEBAZ POU SIPÒ TIMOUN

Inite Egzekisyon Sipò Timoun kapab ede ou detèmine oswa chanje yon lòd sipò timoun selon gid Eta New York pou sipò timoun. Obligasyon debaz pou sipò timoun (BCSO) gen ladan yon obligasyon ki baze sou pousantaj, yon dispozisyon pou pwoteksyon asirans sante ak/oswa sipò medikal avèk lajan kach, depans pou gadri, ak depans pou edikasyon pou timoun, si se tribinal ki detèmine sa (ale nan Seksyon 413 Lwa sou Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi).

Obligasyon ki Baze sou Pousantaj: Nou detèmine kalkil debaz paran ki pa gen lagad timoun nan peye a avèk yon pousantaj fiks revni total paran an, selon kantite timoun ki konsène.

1 timoun.....	17%
2 timoun.....	25%
3 timoun.....	29%
4 timoun.....	31%
5 oswa plis.....	omwen 35%

Egzanp:

Patisipasyon pwopòsyonèl paran ki pa gen lagad timoun nan revni disponib pou sipò a se \$25,000. Pou yon timoun, aplikasyon gid yo pousantaj la bay yon obligasyon \$4,250 ki baze sou pousantaj (sètadi, 17% nan \$25,000).

Gid pousantaj la aplike nan revni total paran yo jiska \$136,000 (mwens Medicare, Sekirite Sosyal, Taks Vil New York oswa Yonkers, sèten depans biznis anplwaye ki pa ranbouse, sèten pansyon alimantè ki peye oswa ki dwe peye, ak sèten sipò timoun ki peye toutbon). “Revni” vle di revni jan ou rapòte li nan fòm deklarasyon taks federal sou revni epi, nan limit ki pa rapòte nan deklarasyon taks sou revni, avantaj konpansasyon travayè, peman pou andikap, avantaj pou chomaj, avantaj sekirite sosyal, avantaj pou veteran, pansyon ak lòt fòm revni. Plis pase \$136,000 (k ap ogmante nan ane 2014 epi chak dezan annapre avèk chanjman nan Endis Pri Konsomasyon pou Tout Konsomatè Lavi) tribinal la ap detèmine si pou itilize oswa pou pa itilize gid pousantaj la. Tribinal la ka chanje obligasyon ki baze sou pousantaj la selon faktè ki endike nan Seksyon 413(1)(f) Lwa sou Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi.

Obligasyon pou paran ki pa touche ase revni: Lè tribinal detèmine revni paran ki pa gen lagad timoun nan dwe nan oswa anba nivo federal povrete pou yon sèl moun, kantite lajan sipò yo sipoze a se \$25 pa mwa. Lè revni an nan oswa anba rezèv oto-sipò (135% nivo federal povrete), men anwo nivo federal povrete, kantite lajan sipò ki sipoze a se \$50 pa mwa.

Lòt Eleman Sipò: Tribinal la dwe detèmine obligasyon moun yo pou bay avantaj asirans sante, pou peye sipò medikal avèk lajan kach nan depans asirans sante oswa nan pwoteksyon asirans piblik, epitou pou peye pou lòt depans swen sante ki pa garanti nan asirans lan. Yo ka bay pwoteksyon swen sante nan yon enstitisyon piblik oswa yon paran ka bay li nan yon travay oswa òganizasyon, oswa nan lòt plan asirans sante oswa plan pwoteksyon swen sante ki disponib. BCSO dwe ogmante tou pou garanti depans swen sante rezonab si paran ki gen lagad timoun nan ap travay, nan lekòl, oswa nan yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl. Si paran ki gen lagad timoun nan ap chèche travay, epi si li fè depans gadri, tribinal la ka detèmine patisipasyon paran ki pa gen lagad timoun nan depans sa yo. Answit, tribinal la ka ogmante BCSO a pou garanti depans edikasyon rezonab timoun nan.

Fanmi Akèy ak Obligasyon pou Sipò Timoun: Nan ka fanmi akèy yo, toulède paran yo se paran ki pa gen lagad timoun nan avèk yon obligasyon pou peye sipò ki baze sou gid sipò timoun. Men, kote kantite lajan sipò ki detèmine anba gid yo depase depans fanmi akèy la, Inite Egzekisyon Sipò Timoun ka fè tribinal la konnen kantite lajan sipò a pa jis oswa pa apwopriye, epi kantite lajan sipò tribinal bay lòd pou peye a pa ta dwe depase vrè depans fanmi plasman an plis nenpòt depans ki asosye avèk frè asistans medikal ki peye sou non timoun nan.

Chanjman nan Lòd yo: Inite Egzekisyon Sipò Timoun kapab ede ou fè yon petisyon pou chanje lòd sipò ou, si li nesèsè. Chak moun gen dwa pou chèche yon chanjman nan lòd sipò a selon yon demonstrasyon yon chanjman enpòtan nan sikonstans yo. Si lòd la te anvigè nan dat 13 oktòb 2010 oswa apre dat sa a, anprizònman pa dwe yon entèdiksyon pou jwenn chanjman enpòtan nan sikonstans yo depi anprizònman an se pa poutèt lòd sipò timoun nan pa peye, oswa yon zak kont paran ki gen lagad timoun nan oswa timoun ki depannde lòd la oswa jijman an. Answit, anba sèten kondisyon dapre Seksyon 451(2)(b) Lwa sou Tribinal ki Okipe Zafè Fanmi, yo kapab chanje yon lòd sipò dapre: (1) pasaj twazan depi lèt yo te adopte lòd la, depi lè yo te fè dènye chanjman ladan oswa depi lè yo te ajiste li; oswa (2) yon chanjman nan revni anvan dediksyon nenpòt moun a kenz (15) pousan oswa plis depi lè yo te adopte lòd la, lè yo te fè dènye chanjman ladan oswa lè yo te ajiste li. Baz (1) ak (2) pou chèche jwenn yon chanjman nan lòd sipò a pa aplike si:

- Yo te adopte lòd sipò orijinal la anvan dat 13 oktòb 2010; oswa
- Moun yo te fè yon akò oswa kondisyon ki egzekite yon fason valab anvan dat 13 oktòb 2010 epi yo te mete li nan lòd sipò orijinal la; oswa
- Moun yo te renonse sitou nan baz yo bay nan (1) ak/oswa (2) nan yon akò oswa kondisyon yo egzekite yon fason valab ki te antre nan dat 13 oktòb 2010 oswa apre dat sa a.

Ajisteman dapre Koudlavi: Chak dezan, Inite Egzekisyon Sipò Timoun ap revize kont lan pou detèmine si kont lan kalifye pou yon ajisteman dapre koudlavi a (COLA). Yon lòd sipò kalifye pou yon COLA si: (1) li gen omwen dezan depi tribinal te adopte oswa chanje lòd la, oswa depi dènye fwa li te resevwa yon COLA; epi (2) kantite total chanjman mwayen anyèl nan Endis Pri Konsomasyon pou Tout Konsomatè Lavil se 10% oswa pi plis depi lè tribinal te adopte lòd la. Ajiste dapre COLA fèt san ale nan tribinal. Nan ka Asistans ki pa Pwovizwa, yo voye yon avi ba toulède moun yo lè yon kont kalifye pou yon COLA, epi nenpòt paran yo ka mande yon ajisteman. Pou ka kote paran ki pa gen lagad timoun nan oswa pou ka kote yon timoun sou Asistans Pwovizwa, yo fè COLA otomatikman lè kont lan vin kalifye — san okenn paran yo pa mande ajisteman an.

FASON POU KONPRANN SÈVIS SIPÒ TIMOUN YO BAY

Inite Egzekisyon Sipò Timoun ap ba tout sèvis sipò timoun yo konsidere ki kòrèk pou dosye ou jan sa defini anba lwa ak règ federal ak anba lwa ak règ Eta New York. Avèk asistans ak kolaborasyon ou, yo ka ba ou sèvis yo depi peman sipò timoun rive nan lè pou peye ak lè peman yo dwe. Men, si moun k ap resevwa sèvis yo pa resevwa Asistans Pwovizwa oswa Medicaid, yo ka fèmen dosye sipò timoun nan pou yon kantite rezon tankou:

- Yo pa kapab detèmine patènite a;
- Yo kapab jwenn paran ki pa gen lagad timoun nan/papa pitatif la apre anpil efò oswa li nan prizon san okenn chans pou jwenn libète sou kondisyon, li nan enstitisyon, oswa li andikape nèt san mwayen pou peye sipò a;
- Moun k ap resevwa sèvis yo pa kolabore oswa li pa bay enfòmasyon ki enpòtan pou pwochen etap la pou bay sèvis yo;
- Moun k ap resevwa sèvis yo fè yon demann alekri pou fèmen dosye a; oswa
- Inite Egzekisyon Sipò Timoun pa kapab kontakte moun k ap resevwa sèvis yo nan telefòn oswa nan sèvis lapòs.

Pou Inite Egzekisyon Sipò Timoun kapab kontinye ba ou sèvis ki efikas, ou dwe kontakte Inite Egzekisyon Sipò Timoun pou rapòte nenpòt chanjman nan adrès ou oswa nan nimewo telefòn ou, oswa pou rapòte nenpòt nouvo enfòmasyon sou lòt paran timoun w ap chèche jwenn sipò timoun nan.

SEKSYON 2 – DWA AK KONSEKANS KI SÒTI NAN DETÈMINASYON PATÈNITE AK DWA POU AVI PWOSEDI LEGAL

DWA AK KONSEKANS POU DETÈMINASYON PATÈNITE

Yo detèmine patènite a lè paran yo siyen yon Rekonesans Patènite volontè oswa lè tribinal detèmine papa timoun nan ak lè li bay yon “relasyon paran.”

- Anba lwa Eta New York, paran ki pa gen lagad timoun nan ap gen responsablite dapre tribinal la pou peye sipò a jouk lè timoun nan vin gen laj 21 ane.
- Timoun nan ap vin gen dwa pou jwenn eritaj paran li yo. Paran yo ka gen dwa eritaj tou nan pitit yo.
- Timoun nan ka gen dwa pou resevwa avantaj pou lanmò oswa andikap si nenpòt paran mouri oswa vin andikape nèt.
- Paran ki pa gen lagad timoun nan gen dwa pou mande tribinal la pou vizit avèk ak/oswa lagad timoun nan.
- Anjeneral, paran ki pa gen lagad timoun nan gen dwa tou pou avi pou adopsyon ak pwosedri fanmi akèy.

DWA POU JWENN ENFÒMASYON KONSÈNAN PWOSEDI LEGAL

Ou gen dwa pou toujou jwenn enfòmasyon sou lè, dat ak kote pou nenpòt pwosedri tribinal ki konsène ou. Y ap ba ou yon kopi nenpòt lòd ki detèmine, chanje, ajiste oswa egzekite yon lòd sipò, oswa nenpòt lòd ki anile petisyon an.

SEKSYON 3 – RÈGLEMAN SOU SIPÒ TIMOUN

ENKYETID POU SEKIRITE

Si ou gen enkyetid k ap chèche detèmine oswa egzekite yon lòd sipò ap kreye yon risk nuizans pou oumenm oswa pou timoun nan, kontakte Inite Egzekisyon Sipò Timoun pou diskite sou enkyetid sa yo. Inite Egzekisyon Sipò Timoun kapab ede ou pa kite adrès ou oswa lòt enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl ou parèt nan dokiman tribinal oswa nan lòt dokiman ki konsène dosye sipò timoun ou.

Inite Egzekisyon Sipò Timoun dwe entèdi divilgasyon enfòmasyon sou adrès si nenpòt moun mande sa, kote moun nan bay prèv ki endike:

- Moun nan ap viv nan yonabri akòz vyolans nan kay;
- Tribinal te bay yon lòd pwoteksyon;
- Yon tribinal te detèmine kontak avèk paran ki pa gen lagad timoun nan ap kreye yon risk pou domaj fizik oswa emosyonèl pou yon timoun oswa pou paran ki gen lagad timoun nan;
- Travayè Asistans Pwovizwa oswa travayè Medicaid te detèmine gen yon rezon valab; oswa
- Yon lyezon pou vyolans nan kay te detèmine gen rezon pou kwè divilgasyon enfòmasyon sou adrès la ka lakòz domaj fizik oswa emosyonèl pou paran ki gen lagad timoun nan oswa pou timoun nan.

Si yo transfere dosye ou ba Inite Egzekisyon Sipò Timoun kòm yon kondisyon pou resevwa Asistans Pwovizwa pou timoun nan epi ou pè pou oumenm oswa timoun nan ap nan risk pou vyolans fanmi oswa vyolans nan kay si yo detèmine oswa aplike patènite, travayè Asistans Pwovizwa a ap transfere ou anvan ba yon lyezon pou vyolans nan kay. Lyezon pou vyolans nan kay ka akòde ou yon anilasyon konplè oswa pasyèl nan egzijans pou kolabore avèk Inite Egzekisyon Sipò Timoun. Si ou aplike pou Medicaid pou tèt ou oswa pou timoun nan, ou ka fè konnen ou gen rezon valab pou kolabore avèk Inite Egzekisyon Sipò Timoun ba travayè Medicaid la si:

- Kolaborasyon egzije pou rezilta nan pwoblèm fizik oswa emosyonèl ki grav pou timoun w ap sipòte a ap chèche;
- Kolaborasyon an egzije pou rezilta nan pwoblèm fizik oswa emosyonèl ki grav pou paran, moun k ap bay swen manm fanmi, moun ki resevwa lajan an ki ase pou deranje mwayen moun k ap bay swen an pou pran swen timoun lan yon fason ki apwopriye;
- Timoun nan te fèt kòm yon rezilta ensès oswa vyòl fòse; oswa
- Adopsyon timoun lan annatant devan yon tribinal, oswa moun k ap bay swen an ap resevwa sèvis konsèy anvan adopsyon (pandan apeprè twa mwa apre timoun lan fin fèt).

Nan ka fanmi plasman, travayè fanmi plasman an ap detèmine si li apwopriye pou fè yon rekòmandasyon nan Inite Egzekisyon Sipò Timoun. Rekòmandasyon an gen entèdiksyon legal nan sikonstans espesifik, tankou sityasyon kote sante, sekirite oswa byennèt timoun nan oswa lòt timoun ki nan kay la ap afekte yon fason negatif.

PWOTEKSYON AK SEKRE ENFOMASYON PÈSONÈL

Inite Egzekisyon Sipò Timoun gen obligasyon pou pwoteje sekre enfòmasyon pèsonèl, onètete enfòmasyon yo, aksè nan enfòmasyon yo ak itilizasyon enfòmasyon yo. Sa gen ladan done yo jwenn pou yon dosye sipò timoun ki konsève nan sistèm enfòmasyon pwogram sipò timoun. Yo kapab divilge nenpòt enfòmasyon ou bay sèlman ba moun ki gen otorizasyon pou rezon lalwa otorize.

Itilizasyon Nimewo Sekirite Sosyal: Divilgasyon nimewo Sekirite Sosyal paran ki gen lagad timoun nan, paran ki pa gen lagad timoun nan, papa pitatif la, ak timoun nan obligatwa dapre lalwa federal (42 USC 666). Inite Egzekisyon Sipò Timoun ap itilize nimewo Sekirite Sosyal yo sèlman pou chèche paran yo, pou detèmine patènite, epi/oswa pou detèmine, chanje, ak egzekite yon lòd sipò; pou administrasyon sèten pwoblèm avantaj piblik; oswa jan lalwa bay pèmasyon. Answit, nimewo Sekirite Sosyal sa yo ap depannde verifikasyon nan Administrasyon Sekirite Sosyal.

RÈGLEMAN POU DISTRIBISYON

Yo distribiye peman sipò yo dapre règ distribisyon federal ak règ distribisyon Eta New York. Distribisyon peman sipò yo baze sou dat yo resevwa peman an nan fason ki anba la a:

- **Si paran ki gen lagad timoun nan ap resevwa Asistans Pwovizwa**, y ap peye rekouvremant sipò timoun yo resevwa yo ba Eta a ak distri sèvis sosyal pou ranbousman jiska kantite lajan Asistans Pwovizwa yo te peye ba paran ki gen lagad timoun nan. Paran ki gen lagad timoun nan ap resevwa peman sipò timoun “ki pase” nan dènye sipò yo touche chak mwa anplis Asistans Pwovizwa a. Peman ki pase a se yon kantite lajan ki vo apeprè \$100 chak mwa nan dènye sipò yo touche oswa ki vo jiska kantite lajan obligasyon pou dènye sipò a, kèlkeswa sa ki pi piti a, pou nenpòt kay ki gen yon moun ki poko gen laj 21 ane epi ki aktif nan dosye Asistans Pwovizwa. Peman ki pase yo ba fanmi an ap ogmante jiska \$200 chak mwa pou dènye sipò yo touche a oswa jiska dènye kantite lajan obligasyon pou sipò a, kèlkeswa sa ki pi piti a, pou fanmi k ap resevwa Asistans Pwovizwa epi ki gen de (2) oswa plis moun ki poko gen laj 21 ane epitou ki aktif nan dosye Asistans Pwovizwa. Paran ki gen lagad timoun nan ap touche sipò yo resevwa apre yo fin ranbouse Asistans Pwovizwa total ki peye ba paran ki gen lagad timoun nan.
- **Si paran ki gen lagad timoun nan te konn resevwa Asistans Pwovizwa**, y ap itilize rekouvremant sipò timoun yo anvan pou peye dènye sipò a ba paran ki gen lagad timoun nan, epi apre ap gen peman pou aryere sipò/sipò ki pa peye yo dwe paran ki gen lagad timoun nan, epi answit, pou aryere sipò/sipò ki pa peye yo dwe distri sèvis sosyal pou ranbousman asistans pase yo akòde a. Men, y ap peye anvan rekouvremant sipò yo resevwa nan konpansasyon ranbousman taks federal pou satisfè nenpòt aryere sipò/sipò ki pa peye yo dwe distri sèvis sosyal pou ranbousman asistans pase yo bay, epi answit pou aryere sipò/sipò ki pa peye yo dwe paran ki gen lagad timoun nan. Paran ki gen lagad timoun nan ap touche sipò yo resevwa apre yo fin ranbouse Asistans Pwovizwa total ki peye ba paran ki gen lagad timoun nan.
- **Si paran ki gen lagad timoun nan pa t janm resevwa Asistans Pwovizwa**, paran ki gen lagad timoun nan ap resevwa tout sipò yo touche ak dwe yo, avèk eksepsyon frè pou sèvis anyèl ak rekouvremant frè pou sèvis legal, si genyen.
- **Si paran ki gen lagad timoun nan ap resevwa Medicaid**, y ap fè peman sipò medikal ba Eta a ak distri sèvis sosyal pou ranbousman jiska kantite lajan total Medicaid yo peye ba yon founisè.
- **Si timoun nan ap resevwa sèvis nan fanmi akèy**, y ap peye sipò yo touche a ba distri sèvis sosyal la. Y ap peye nenpòt sipò yo touche ki depase peman antretyen fanmi akèy la ba distri sèvis sosyal k ap sipèvize plasman timoun nan ak fanmi akèy la pou itilize nan manyè yo detèmine l ap sèvi pi bon enterè timoun nan.

SEKSYON 4 – SÈVIS LEGAL AK REKOUVREMANT FRÈ

SÈVIS LEGAL

Si pitit ou p ap resevwa Asistans Pwovizwa oswa Medicaid, oswa si pitit ou pa nan fanmi akèy, ou ka mande sèvis legal pou detèmine patènite a oswa pou detèmine, chanje oswa egzekite yon lòd sipò timoun. Tanpri sonje sèvis yon avoka pa nesèman obligatwa pou vance avèk yon dosye sipò timoun. Men, si ou mande sèvis legal, Inite Egzekisyon Sipò Timoun ap fè ou konnen frè pou peye pou sèvis yo. Avoka ki afekte nan dosye ou se reprezantan legal Manm Komisyon distri sèvis sosyal, epi li pa reprezante ou pèsonèlman. Reprezantasyon avoka a nan zafè sa a se pou detèmine patènite a sèlman ak detèminasyon, chanjman, ajisteman ak egzekisyon obligasyon sipò a. Avoka distri sèvis sosyal p ap regle zafè gadavi, vizit, oswa lòt pwoblèm ki pa asosye avèk sipò timoun. Nenpòt enfòmasyon alekri oswa aloral, ou bay avoka oswa anplwaye distri sèvis sosyal ka pa rete an sekre, tankou enfòmasyon ki endike fwod nan asistans sosyal ou dwe rapòte ba ofisyèl apwopriye.

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan sèvis legal, pale avèk yon travayè sosyal sipò timoun. Si ou vle gen reprezantasyon legal pa ou, kontakte yon òganizasyon sèvis legal oswa yon òganizasyon èd legal pou asistans oswa chèche jwenn sèvis yon avoka prive ou chwazi poukont ou avèk lajan nan pòch ou.

REKOUVREMAN FRÈ POU SÈVIS LEGAL

Inite Egzekisyon Sipò Timoun ap touche frè yo pou sèvis legal ou resevwa yo apre yo detèmine *Dwa pou Akò pou Rekouvremant pou Sèvis Legal* (LDSS-4920).

Inite Egzekisyon Sipò Timoun ap touche frè yo nan yon pousantaj 25% dènve obligasyon sipò ou nan sipò yo touche a, oswa si ou se paran ki pa gen lagad timoun nan, y ap touche frè a nan pousantaj 25% dènve obligasyon sipò a oswa peman ou gen obligasyon pou fè a, epi y ap ajoute li sou obligasyon sipò ou peye a jouk lè ou ranbouse frè a. Kont lan an ap jwenn kredi pou chak peman Inite Rekouvremant Sipò resevwa selon lòd distribisyon ki dekri nan Seksyon 3 anba *Règleman Distribisyon an*. Sa vle di y ap peye tout aryere sipò/sipò ki pa peye okonplè anvan ou peye frè pou sèvis legal yo.

SEKSYON 5 – FRÈ POU SÈVIS LA CHAK ANE

Si paran ki gen lagad timoun nan ap resevwa sèvis sipò timoun, epi li pa t janm resevwa asistans nan pwogram TANF (ki te rele anvan Èd pou Fanmi ki gen Timoun Depandan [AFDC]), nan Eta New York oswa nan nenpòt lòt eta epi si yo peye sipò timoun ba fanmi an, y ap aplike yon frè sèvis \$25 chak ane si yo touche plis pase \$500 sipò pandan ane fiskal federal la (1ye oktòb - 30 septanm). Lè yo touche \$500 sipò a, Inite Rekouvremant Sipò a ap retire otomatikman pwochen \$25 li resevwa a pandan ane fiskal federal la pou peye frè a. Si paran ki gen lagad timoun nan gen kont ki gen plis pase yon paran ki pa gen lagad timoun, epi si toulède paran ki pa gen lagad timoun nan te peye plis pase \$500, y ap aplike frè \$25 pou chak kont. Moun ki aplike/moun k ap resevwa sèvis la pa gen pou peye frè \$25 pou sèvis sipò timoun yo resevwa anrapò avèk Medicaid oswa Asistans Safety Net, oswa pou sèvis yo bay pou timoun yo mete nan fanmi akèy, kote yo pa peye sipò timoun ba fanmi an.

SEKSYON 6 – PEMAN AK ENFÒMASYON POU PRAN KONTAK

CHWA POU PEMAN

Paran ki pa gen lagad timoun yo fè peman sipò timoun sitou nan lajan yo retire nan revni yo. Men, paran ki pa gen lagad timoun yo kapab fè peman yo dirèkteman nan Sant tretman Sipò Timoun Eta New York nan sèten sikonstans (pa egzanp, lòd sipò yo fèk detèmine ak lòd pou pran lajan nan revni poko anvigè, oswa paran ki pa gen lagad timoun nan se yon travayè endepandan oswa li pa gen yon patwon). Peman yo kapab fèt avèk chèk kès, chèk sètifye, ak chèk postal (money order). Answit, peman yo kapab fèt nan transfè elektwonik lajan, epitou avèk kat kredi. Sant Tretman an pa aksepte peman avèk lajan kach. Ale sou Entènèt nan sitwèb sipò timoun Eta New York nan childsupport.ny.gov oswa rele Liy Dirèk Sèvis Kliyan Sipò Timoun Eta New York nan 888-208-4485 (TTY: 866-875-9975) pou jwenn plis enfòmasyon sou metòd peman sa yo. **Tout peman yo dwe gen ladan Idantifikatè Dosye New York, epi yo dwe fèt sou non ak voye bay: New York State Child Support Processing Center, PO Box 15363, Albany NY 12212-5363.**

ENFÒMASYON SOU SÈVIS KLIYAN/KONT

Ou ka jwenn repons pou kesyon jeneral sou sipò timoun oswa enfòmasyon sou kont ou depi ou rele Liy Dirèk Sèvis Kliyan Sipò Timoun Eta New York nan nimewo **888-208-4485** (TTY: 866-875-9975 – **Sèvis Relè** <http://www.fcc.gov/encyclopedia/trs-providers>) oswa sou Entènèt nan sitwèb childsupport.ny.gov. Yon nimewo idantifikasyon pèsonèl (PIN) nesèsè pou sitwèb la ak pou Liy Dirèk Sèvis Kliyan Sipò Timoun Eta New York. Ou kapab mande yon PIN depi ou kontakte Liy Dirèk Sèvis kliyan Sipò Timoun Eta New York.

KONSÈVE PAJ 1 JISKA PAJ 7 POU DOSYE OU. SEPARE APLIKASYON/REKÒMANDASYON AN POU SÈVIS SIPÒ TIMOUN, PAJ A-1 JISKA PAJ A-8, POU RANPLI AK BAY POU INITE EGZEKISYON SIPÒ TIMOUN.

APLIKASYON/REKÒMANDASYON POU SÈVIS SIPÒ TIMOUN

Konsève Paj 1 jiska Paj 7 pou dosye ou. Separe Aplikasyon/Rekòmandasyon an pou Sèvis Sipò Timoun, Paj A-1 jiska Paj A-8, pou ranpli ak bay pou Inite Egzekisyon Sipò Timoun (CSEU).

Si ou bezwen asistans nan lang pou ranpli fòm sa a, tanpri ale nan CSEU zòn ou pou yo kapab ba ou sèvis tradiksyon ak/oswa entèpretasyon. Si ou gen nenpòt andikap ki anpeche ou ranpli fòm sa a ak/oswa si w ap tann pou fè entèvyou, tanpri fè CSEU konnen sa. Ajans lan ap fè efò apwopriye pou bay aranjman rezonab pou ou.

Seksyon A – Enfòmasyon sou Moun ki Aplike/Moun k ap Resevwa Sèvis

Lang Natifnatal	Ki lang natifnatal ou? <input type="checkbox"/> Angle <input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Lòt (endike) _____			
Enkyetid Pou Sekirite	Èske ou gen rezon pou kwè si w ap chèche yon lòd pou patènite oswa pou sipò timoun sa ap riske sekirite ou oswa sekirite timoun nan, oswa ou kwè ou gen rezon valab pou pa kolabore avèk CSEU? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si se "Wi," KANPE la epi diskite sou enkyetid ou avèk CSEU.			
Sa Moun ki Aplike a/Moun k ap Resevwa Sèvis ye pou Timoun nan	<p>Nòt: Paran ki gen lagad timoun nan (CP) se paran k ap viv avèk timoun nan avèk pifò tan (50%). Responsab legal la se yon moun ki pa paran an, men ki gen lagad fizik omwen yon timoun ki poko gen laj 21 ane. Si timoun nan ap viv avèk responsab legal la jou-apre-jou, se responsab legal la ki gen lagad timoun nan. Lagad fizik diferan avèk lagad legal oswa avèk lagad selon lòd tribinal. Paran ki pa gen lagad timoun nan (NCP) se paran ki pa gen premye swen oswa lagad timoun nan, men ki gen yon responsablite pou peye sipò timoun. Papa pitatif la (PF) se gason ki ka papa timoun nan, men ki pa t marye avèk manman timoun nan anvan timoun nan te fèt epi ki pa detèmine li se papa nan yon pwosedi tribinal oswa dapre yon rekonesans patènite. Timoun nan se yon moun ki poko gen laj 21 ane epi w ap chèche jwenn sipò pou li. Lòt moun nan se yon moun ki pa gen lòt chwa yo endike ki aplike pou li.</p> <p>Endike sa ou ye pou timoun nan ki nan zafè a: Mwen se (tcheke youn): <input type="checkbox"/> Paran ki Gen Lagad la <input type="checkbox"/> Responsab Legal la <input type="checkbox"/> Paran ki Pa Gen Lagad la <input type="checkbox"/> Papa Pitatif la <input type="checkbox"/> Lòt <input type="checkbox"/> Timoun _____ (Ranpli Pati I – III Seksyon A ak Seksyon B ak C)</p> <p>Sa a se: <input type="checkbox"/> Distri Rekòmandasyon Manm Komisyon sèvis sosyal (SSD) oswa Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (OCFS) pou Fanmi Akèy (FC) (Ranpli Seksyon A, Pati II - IV, ak Seksyon B sèlman. Si w ap chèche sipò nan plis pase yon NCP, ou dwe ranpli yon kopi Pati II oswa yon LDSS-4882B pou lòt NCP a). Ale nan Pati II.</p>			
Istwa Sipò timoun Moun ki Aplike/Moun k ap Resevwa Sèvis la	<input type="checkbox"/> Mwen pa t janm resevwa Sèvis Sipò Timoun pou timoun nan. <input type="checkbox"/> Mwen t ap resevwa Sèvis Sipò Timoun, men dosye mwen te fèmen nan dat: Mwa _____, Ane _____, nan Konte _____, Eta _____ <input type="checkbox"/> M ap resevwa Sèvis Sipò Timoun. Dosye mwen nan Konte _____, Eta _____, Idantifikatè Dosye _____			
Istwa Asistans Pwovizwa Moun ki Aplike/Moun k ap Resevwa Sèvis la	Èske w ap resevwa oswa ou te janm resevwa asistans federal Tit IV-A, ki rele kounye a pwogram Asistans Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) epi ki te rele Èd pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (AFDC), nan Eta New York oswa nan nenpòt lòt eta? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			
	Antre dat ou te resevwa asistans lan pou dènye fwa. Mwa/Jou/Ane _____ / _____ / _____	Ki kote ou te resevwa asistans lan? Konte _____, Eta _____.		
	Èske w ap resevwa oswa ou t ap resevwa Asistans Safety Net Eta New York (ki te rele anvan Pwogram Èd pou Kay)? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non			
	Antre dat ou te resevwa asistans lan pou dènye fwa. Mwa/Jou/Ane _____ / _____ / _____	Ki kote ou te resevwa asistans lan? Konte _____		
Pati I – Enfòmasyon sou Paran ki gen Lagad Timoun nan (CP) oswa sou Responsab Legal Timoun nan				
Non CP oswa Non Responsab Legal	Prenon	Dezyèm Prenon	Non Fanmi	Sifiks
Nimewo Sekirite Sosyal (SSN)	- -	Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endividyèl (ITIN)	- -	Dat Nesans Mwa/Jou/Ane _____ / _____ / _____
Gason oswa Fanm	<input type="checkbox"/> Fanm <input type="checkbox"/> Gason	Ras/Gwoup Etnik Afilyasyon (Ochwa)	<input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Moun Nwa oswa Afriken-Ameriken <input type="checkbox"/> Ispanik oswa Latino-Ameriken <input type="checkbox"/> Ameriken Natifnatal oswa Moun ki Fèt nan Alaska <input type="checkbox"/> Moun ki Fèt nan Awayi oswa nan Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Moun blan, ki pa Ispanik <input type="checkbox"/> Lòt	

Lang Natifnatal	Ki lang natifnatal CP oswa responsab legal? <input type="checkbox"/> Angle <input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Lòt (endike) _____								
Kourye ki Resevwa sou Non (si li diferan avèk NCP/PF)	Prenon	Dezyèm Prenon	Non Fanmi			Sifiks			
Adrès Postal (Sa ou konnen kounye a oswa dènye sa ou konnen apati ____/____/____)	Nimewo	Ri	Eta/Apt./Suit		Vil	Eta	Kòd Postal	Peyi	
Adrès Kay (Dènye a si li diferan avèk Adrès Postal la)	Nimewo	Ri	Eta/Apt./Suit		Vil	Eta	Kòd Postal	Peyi	
Nimewo Telefòn	Kay ()		Selilè ()		Travay ()				
	Lòt ()		Fason ou pito pou Kontakte ou <input type="checkbox"/> Kay <input type="checkbox"/> Selilè <input type="checkbox"/> Travay <input type="checkbox"/> Lòt			Pi Bon Lè pou Telefòn <input type="checkbox"/> Lajounen <input type="checkbox"/> Aswè			
Imèl	Kay		Travay			Lòt			
Kontak pou Ijans	Prenon	Dezyèm Prenon	Non Fanmi			Sifiks			
	Nimewo	Ri	Eta/Apt./Suit		Vil				
	Eta	Kòd Postal	Nimewo Telefòn ()			Imèl			
Sitiyasyon Fanmi CP avèk Paran ki pa gen Lagad Timoun nan (NCP)/ Papa Pitatif (PF)	Èske CP te janm marye avèk NCP/PF? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				Dat Maryaj la ____/____/____				
	Kote Maryaj la te fèt	Vil			Eta		Peyi		
	Èske CP separe avèk NCP/PF kounye a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				Dat Separasyon an ____/____/____				
	Èske CP separe legalman avèk NCP/PF? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				Dat Separasyon ____/____/____				
	Èske gen yon divòs ki annatant avèk NCP? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				Non Tribinal la _____				
	Èske CP divòse legalman avèk NCP/PF? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				Dat Divòs ____/____/____				
Adrès Tribinal	Nimewo	Ri	Eta/Apt./Suit		Vil	Eta	Kòd Postal	Peyi	
Sitiyasyon Fanmi CP avèk yon moun ki pa NCP/PF	Èske CP a te janm marye avèk yon moun ki pa paran timoun ki endike nan aplikasyon sa a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non								
	Si se "Wi," bay dat maryaj (yo) ak non madanm (yo) anba la a. Ant ____/____/____ ak ____/____/____ Non Madanm nan _____ Ant ____/____/____ ak ____/____/____ Non Madanm nan _____								
	Non Jenn Fi CP								
Enfòmasyon sou Patwon CP	Non Patwon								
	Adrès Patwon	Nimewo	Ri	Eta/Apt./Suit		Vil	Eta	Kòd Postal	Peyi
Enfòmasyon sou Pwoteksyon Swen Sante	Èske patwon/òganizasyon CP ofri oswa bay avantaj asirans sante? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen				Èske CP antre nan plan sante a? <input type="checkbox"/> Wi (endike): <input type="checkbox"/> Pwoteksyon pou yon moun <input type="checkbox"/> Pwoteksyon pou fanmi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen				
	Èske CP a oswa responsab legal la antre nan plan swen sante piblik pou yon timoun ki endike nan fòm Aplikasyon/Rekòmandasyon sa a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				Si se "Wi," endike kalite pwoteksyon swen sante piblik la: <input type="checkbox"/> Medicaid <input type="checkbox"/> Family Health Plus <input type="checkbox"/> Child Health Plus (CHPlus) <input type="checkbox"/> Lòt _____ Patisipasyon CP oswa responsab legal pa mwa nan CHPlus: \$ _____				

	Eta	Kòd Postal	Nimewo Telefòn ()		Imèl			
Sitiyasyon Anprizònman	Èske NCP/PF nan prizon? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen		Non Sant Detansyon			Nimewo Prizonnye		
	Sant Detansyon an Adrès	Vil		Eta	Kòd Postal	Peyi		
Sitiyasyon Fanmi NCP/PF avèk yon Moun ki Pa Paran ki gen Lagad Timoun nan (CP) oswa Lòt NCP pou dosye Fanmi Akèy (FC)	Èske NCP/PF marye/te marye avèk yon moun ki pa CP oswa avèk Lòt NCP pou yon dosye FC? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen Si se "Wi" reponn pwochen kesyon "Sitiyasyon Fanmi NCP/PF avèk yon Moun ki Pa Paran ki gen Lagad Timoun nan (CP) oswa Lòt NCP Pou dosye Fanmi Akèy (FC)". Si se "Non" oswa "Pa Konnen," ale nan kesyon sou "Enfòmasyon sou Travay NCP/PF" ki anba la yo.							
	Non Madanm/Mari	Prenon		Dezyèm Prenon		Non Fanmi		Sifiks
	Adrès	Nimewo Ri	Etaj/Apt./Suit		Vil	Eta	Kòd Postal	Peyi
	Nimewo Telefòn	()			Imèl			
	Kote Maryaj la te fèt	Vil			Eta	Kòd Postal	Peyi	
	Èske NCP/PF separe kounye a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen				Dat Separasyon ____ / ____ / ____			
	Èske NCP/PF separe legalman? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen				Dat Separasyon Legal ____ / ____ / ____			
	Èske gen yon divòs ki annatant? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen							
	Èske NCP/PF divòse kounye a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen				Dat Divòs ____ / ____ / ____			
	Adrès Tribinal	Vil			Eta	Kòd Postal	Peyi	
Enfòmasyon sou Travay NCP/PF	Èske NCP/PF ap travay? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen		Dat Dènye Travay ____ / ____ / ____		Èske NCP/PF se yon manm sendika/òganizasyon travay? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen			
	Non Patwon				Non Sendika/Òganizasyon Travay			
	Nimewo Ri		Etaj/Apt./Suit		Nimewo Ri		Etaj/Apt./Suit	
	Vil		Eta	Kòd Postal	Vil		Eta	Kòd Postal
	Peyi		Nimewo Telefòn ()		Peyi		Nimewo Telefòn ()	
	Tit Djòb/Metye				Tit Djòb/Metye			
Enfòmasyon sou Asirans Sante NCP/PF	Èske patwon/òganizasyon NCP oswa PF ofri oswa bay avantaj asirans sante? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa Konnen			Èske NCP oswa PF antre nan plan asirans lan? <input type="checkbox"/> Wi (endike): <input type="checkbox"/> Pwoteksyon pou yon moun <input type="checkbox"/> Pwoteksyon pou fanmi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Pa konnen				
Lòt enfòmasyon sou NCP/PF								

Pati IV – Enfòmasyon sou Fanmi Akèy (Pou Ajans lan Itilize Sèlman) (Agency Use Only)

Foster Care Referral	<i>The Commissioner or Designee must complete this section on behalf of the social services district (SSD) or the Office of Children and Family Services (OCFS) Commissioner for a child in Foster Care placement.</i>				
Name of Child	First	Middle	Last	Suffix	
Case Information	Case Number	Case Status <input type="checkbox"/> Opening <input type="checkbox"/> Reopening <input type="checkbox"/> Changes or Updates		Date of Referral ____ / ____ / ____	
Category	What is the claiming category? <input type="checkbox"/> IV-E Foster Care <input type="checkbox"/> Non-IV-E Foster Care				
Type of Placement	<input type="checkbox"/> Voluntary <input type="checkbox"/> Court Ordered	Placement Date ____ / ____ / ____	Cost of Care \$ _____ Per: <input type="checkbox"/> Day <input type="checkbox"/> Week <input type="checkbox"/> Month <input type="checkbox"/> Year		
Name of Agency, Facility, Foster Boarding Home	County	Agency Name		Type of Facility	
Placement Address	No. Street	Floor/Apt./Suite	City	State	Zip
Subsidy Information	Is an adoption subsidy received on behalf of the child? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No		Does the subsidy include Medicaid? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No		
	Subsidy Amount and When It Is Paid		\$ _____ Per: <input type="checkbox"/> Week <input type="checkbox"/> Month <input type="checkbox"/> Year		
Case Manager	Name		Phone Number () Ext.		
Application for Child Support Services	<input type="checkbox"/> I am applying for Child Support Services as the Commissioner or Designee and this is a Foster Care referral. Signature of Commissioner/Designee _____ Date _____				

Seksyon B – Dokiman Sipò

Ou dwe bay kopi tout dokiman sipò ki disponib nan Inite Egzekisyon Sipò Timoun (CSEU) pou egzamine yo. KOCHE (✓) kaz ki endike ki dokiman w ap bay yo. Kopi dokiman yo ap ede CSEU detèmine patènite a, epitou y ap ede yo detèmine, chanje ak/oswa egzekite sipò a. Dokiman sipò yo ap ede tribinal la pran desizyon tou konsènan revni paran ki pa gen lagad timoun (NCP) ak revni paran ki gen lagad timoun (CP) ak kantite lajan obligasyon debaz sipò timoun nan. Tanpri pa voye dokiman orijinal yo nan sèvis lapòs.

Dokiman pou Sipò Detèminasyon Patènite ak Detèminasyon, Chanjman, ak/oswa Egzekisyon Sipò

- | | | | | |
|--|---|--|---|--|
| <input type="checkbox"/> Batistè Timoun nan | <input type="checkbox"/> Relasyon Paran | <input type="checkbox"/> Sètifika Maryaj
<input type="checkbox"/> CP ak NCP/Papa Pitatif (PF)
<input type="checkbox"/> NCP/PF ak lòt NCP pou dosye Fanmi Akèy (FC) | <input type="checkbox"/> Akò Separasyon ant
<input type="checkbox"/> CP ak NCP/PF
<input type="checkbox"/> NCP/PF ak lòt NCP pou dosye FC | <input type="checkbox"/> Papye Divòs pou
<input type="checkbox"/> CP ak NCP/PF
<input type="checkbox"/> NCP/PF ak lòt NCP pou dosye FC |
| <input type="checkbox"/> Rekonesans Patènite | <input type="checkbox"/> Deklarasyon sou Sèman ki Konfime Patènite | <input type="checkbox"/> Lòd Sipò | <input type="checkbox"/> Dènye Deklarasyon Taks Federal sou Revni ak tout Tablo
<input type="checkbox"/> CP <input type="checkbox"/> NCP/PF | <input type="checkbox"/> W-2
<input type="checkbox"/> CP
<input type="checkbox"/> NCP/PF |
| <input type="checkbox"/> Akò pou Sibvansyon Adopsyon

<input type="checkbox"/> Akò pou Plasman nan Adopsyon | <input type="checkbox"/> Souch Peman
<input type="checkbox"/> CP
<input type="checkbox"/> NCP/PF | <input type="checkbox"/> Avi Avantaj oswa Lòt konsènan
<input type="checkbox"/> Asistans Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) oswa
<input type="checkbox"/> Avantaj pou Chomaj pou
<input type="checkbox"/> CP <input type="checkbox"/> NCP/PF | <input type="checkbox"/> Lòt Rekonpans konsènan Andikap nan Sekirite Sosyal pou
<input type="checkbox"/> CP
<input type="checkbox"/> NCP/PF | <input type="checkbox"/> Kat Sekirite Sosyal oswa
<input type="checkbox"/> Lòt IRS oswa Nimewo Identifikasyon Kontribiyab Endividyèl (ITIN) pou CP oswa Responsab Legal |
| <input type="checkbox"/> Kat Sekirite Sosyal oswa
<input type="checkbox"/> Lòt IRS pou ITIN pou NCP/PF | <input type="checkbox"/> Lòt Rekonpans konsènan Revni Sekirite Anplis (SSI) pou
<input type="checkbox"/> CP
<input type="checkbox"/> NCP/PF | <input type="checkbox"/> Lòt Rekonpans konsènan Retrèt Sekirite Sosyal pou
<input type="checkbox"/> CP
<input type="checkbox"/> NCP/PF | <input type="checkbox"/> Sèvis Fòs Lame (DD-214) NCP/PF | <input type="checkbox"/> Kat Sekirite Sosyal oswa
<input type="checkbox"/> Lòt IRS pou ITIN pou Timoun |
| <input type="checkbox"/> Atestasyon pou Mank Enfòmasyon (LDSS-4281) | <input type="checkbox"/> Enfòmasyon Konsènan Arestasyon NCP/PF Ki Pa Lakòz Anprizònman | <input type="checkbox"/> Enfòmasyon Konsènan Pwobasyon oswa Libète sou Kondisyon NCP/PF | <input type="checkbox"/> Enfòmasyon Konsènan Lisans Chofè NCP/PF | <input type="checkbox"/> Lòd Pwoteksyon |
| <input type="checkbox"/> Enfòmasyon Konsènan Lisans Pwofesyonèl, Lisans Biznis, Lisans Metye, oswa Lisans Lwazi NCP/PF | <input type="checkbox"/> Prèv ki Montre Depans Gadri pou Timoun nan | <input type="checkbox"/> Prèv ki Montre Depans Edikasyon pou Timoun nan | <input type="checkbox"/> Prèv ki Montre Depans Swen Sante ki pa Ranbouse pou Timoun nan | <input type="checkbox"/> Kat Avantaj Asirans Sante

<input type="checkbox"/> Rezime Deskripsyon Plan Avantaj Asirans Sante |

Seksyon C – Aplikasyon/Konfimasyon pou Sèvis Sipò Timoun

Inite Egzekisyon Sipò timoun (CSEU) ap bay detèminasyon patènite, detèminasyon sipò, chanjman, revizyon ak ajisteman, rekouvreman ak debousman sipò, ak sèvis egzekisyon sipò, si li apwopriye.

Koche **Kaz 1** epi siyen li si w ap aplike pou sèvis sipò timoun, epi si ou **p ap** aplike oswa ap resevwa Asistans Pwovizwa oswa Medicaid. Pou rekòmandasyon nan Asistans Safety Net, Manm Komisyon an oswa Reprezantan distri sèvis sosyal menm jan ak moun ki aplike pou sèvis sipò timoun dwe siyen ak ekri non li an lèt detache epitou yo dwe mete dat la anba Kaz 1.

Koche **Kaz 2** epi siyen li si w ap aplike oswa resevwa Asistans Pwovizwa oswa Medicaid.

Kaz 1

- M a aplike pou Sèvis Sipò Timoun dapre Lwa sou Sèvis Sosyal Eta New York, Seksyon 111-g.**

Mwen aplike pou sèvis egzekisyon sipò timoun dapre Seksyon 111-g Lwa sou Sèvis Sosyal Eta New York epi anba Tit IV-D Lwa federal sou Sekirite Sosyal. Mwen siyen non mwen oswa mwen konfime anba sanksyon pou fo temwayaj pou fè konnen mwen te egzamine enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon an ak nenpòt dokiman sipò yo, epi dapre tout sa mwen konnen ak kwè, se enfòmasyon ki vrè ak kòrèk. Mwen dakò pou fè Inite Egzekisyon Sipò Timoun konnen imedyatman nenpòt nouvo enfòmasyon oswa chanjman enfòmasyon ki asosye avèk enfòmasyon mwen bay nan fò sa a.

- Koche kaz sa a si ou vle mande sèvis legal. Y ap *ba ou yon Akò pou Dwa pou Rekouvreman pou Sèvis Legal (LDSS-4920)* pou patisipasyon.

Siyati moun ki aplike pou Sèvis Sipò Timoun _____

Ekri Non ou an lèt detache _____ Dat _____

Siyati Manm Komisyon oswa Reprezantan distri sèvis sosyal pou rekòmandasyon nan Asistans Safety Net _____

Ekri Non ou an lèt detache _____ Dat _____

Kaz 2

- Mwen aplike pou Asistans Pwovizwa oswa Medicaid oswa m ap resevwa yo.**

Mwen siyen non mwen oswa mwen konfime anba sanksyon pou fo temwayaj pou fè konnen mwen te egzamine enfòmasyon mwen bay nan rekòmandasyon an ak nenpòt dokiman sipò yo, epi dapre tout sa mwen konnen ak kwè, se enfòmasyon ki vrè ak kòrèk. Mwen dakò pou fè Inite Egzekisyon Sipò Timoun konnen imedyatman nenpòt nouvo enfòmasyon oswa chanjman enfòmasyon ki asosye avèk enfòmasyon mwen bay nan fò sa a.

Siyati moun ki aplike/moun k ap resevwa Asistans Pwovizwa oswa Medicaid _____

Ekri Non ou an lèt detache _____ Dat _____

Pou Ajans a Itilize Sèlman /Agency Use Only

Child Support Enforcement Unit/Support Collection Unit Representative (Print name)	Date ____ / ____ / ____
--	----------------------------

New York Case Identifier	Worker Code
--------------------------	-------------

SSD Referral Case Number _____ Worker Name _____

Worker Location _____ Worker Phone Number _____

TANF/MA MA-Only Safety Net Child Support Services Application (Non-TA)

Opening Reopening Changes or Updates Date of Application/Referral ____ / ____ / ____